# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–11 जुलाई 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लगतारे दुसरका दिन्ने बाढ़ परभावित इलाकन क दौरा कइ के ओहा क हालति जनले अउर राहत बचाव क निरदेस दिहलें। मुख्यमंत्री आजु श्रावस्ती पहुंचलें अउर बाढ़ि में फंसल इग्यारह लोगिन के सुरक्षित बहरे निकारे वाले पीएसी फ्लड टीमि के पुरस्कृत कइलें। उहां के बाढ़ि पीड़ितन से मुलाकाति कइ के उन्हें राहत सामग्री बंटलीं अउर भरोसा दिहलीं कि केहू के कउनों दिक्कति नाहीं होखे दीहल जाई। उहां के अधिकरियन के निरदेस दिहलीं कि बाढ़ि पीड़ितन के खइले–पियले के इंतिजाम के सथहीं उनकरे स्वास्थ्यो क लगतारे परीक्षण कइल जाए। मुख्यमंत्री बाढ़ि में मरे वाले लोगिन के परिजनन से मुलाकाति कइलें अउर उन्हें भरोसा दिहले के सथहीं चारि–चारि लाख रूपिया क चेक दिहलें। येही क्रम में उहां के बलरामपुर में बाढ़ि पीड़ितन से मुलाकाति कइले के सथहीं उन्हें राहत सामग्री बंटलीं। मुख्यमंत्री बलरामपुर के बाढ़ि परभावित इलाकन क हवाई निरीक्षणो कइलें।

ओहर, कैबिनेट मंत्री सुरेश खन्ना शाहजहांपुर के बाढ़ि परभावित इलाकन क निरीक्षण कइलें अउर अधिकरियन के निरदेस दिहलें कि राहत–बचाव कार में कउनहूं तरह क लपरवाही नाहीं होखे के चाही। उहां के बाढ़ि पीड़ितन के राहति सामग्री उपलब्ध करवले क निरदेस दिहलीं।

***पहाड़ों पर हुई घनघोर बारिश और डैम से छोड़े गए लगातार पानी की वजह से शाहजहांपुर की गर्रा नदी और खन्नौत नदी उफान पर है जिससे शाहजहांपुर शहर और उससे सटे हुए इलाकों में जल भराव की स्थिति हो गई है। सड़कों पर कमर से ऊपर पानी चल रहा है ।.यातायात बंद कर दिए गए हैं ।वंथरा स्थित इंडियन आयल के डिपो में पानी भर जाने से भारत से नेपाल जाने वाले तेल के कंटेनर रोक दिए गए हैं ,जिस कारण नेपाल में तेल की समस्या खड़ी हो सकती है ।.मेडिकल कॉलेज में मरीजों को पानी भर जाने की वजह से अन्यत्र भेजा जा रहा है । शहर के सुभाष नगर, लोदीपुर ,ब्रिज विहार ,बरेली मोड़ ,ककरा, रेती आदि इलाकों में घरों के अंदर कमर से ऊपर पानी भर जाने से लोगों को सुरक्षित स्थानों पर पहुंचाया जा रहा है जिला प्रशासन के साथ सेना और सामाजिक संगठन भी बाढ़ पीड़ितों की सहायता के लिए लगे हुए हैं । कौशलेंद्र मिश्र आकाशवाणी समाचार शाहजहांपुर***

**********

फतेहपुर जिला में आकासीय बिजुली गिरले से पछिला चौबीस घंटा में छौ जने क मउति हो गइल आ दुई गो युवती के लेके तीनि जने घाही हो गइल हवे, जिन्हें इलाज बदे जिला अस्पताले में भरती करावल गइल हवे। जिला प्रसासन के हिसाबि से मलवां थाना इलाका के कुरस्तीकला अउर बरमतपुर गांव में आजु खेत में धान क रोपाई करत आकासीय बिजुली गिरले से चार जने क ओहिजुकवे मउति हो गइल अउर तीनि लोगि घाही हो गइले। ओहीं काल्हि संझा सुल्तानपुर–घोस थाना इलाका के दुई लोगिन क आकासीय बिजुली गिरले से मउति हो गइल रहे। अपर जिलाधिकारी अविनाश त्रिपाठी बतवलें कि सज्जों छौ गो पीड़ित परिवारन के दैवीय आपदा राहत कोस से चार–चार लाख रूपिया क आर्थिक मदद दिहले क कार्रवायी सुरू कई दिहल गइल हवें।

ओहर बनारस के रोहनिया में बस अउर बाईक के टक्कर में अखरी गांव क रहवईया बाईक सवार तीन गो नौजवानन क ओहिजुकवे मउति हो गइल। घटना क सूचना मिलले पर पुलिस मौका पर पहुचि के घटना क जनकारी लिहलस अउर सव के पोस्टमार्टम बदे भेज दिहलस।

**********

फरवरी दुई हजार छौ में रेलवे क ग्रुप–डी परीक्षा क पेपर लीक मामिला में सुभासपा विधायक बेदीराम अउर निषाद पार्टी क विधायक विपुल दुबे के खिलाफ लखनऊ क विसेष गैंगेस्टर कोर्ट, गैर जमानती वारंट जारी कइले हवे। कोर्ट आरोपी विधायक बेदीराम, दीनदयाल, शिव बहादुर सिंह, संजय श्रीवास्तव अउर अवधेश सिंह के दाखिल हाजिरीमाफी के प्रार्थना पत्र के खारिज करत गैर जमानती वारंट जारी कइले हवे। साथही, पहले से गैरहाजिर सज्जों अभियुक्तनों के खिलाफ गैर जमानती वारंट जारी कइल गइल हवे। बेदीराम गाजीपुर के जखनिया अउर विपुल दुबे भदोही के ज्ञानपुर सीट से विधायक हवे।

**********

आगरा अग्निवीर भर्ती रैली चौदह जुलाई से सुरू होके एक अगस्त दुई हजार चौबीस ले आगरा कैंट के एकलव्य स्पोर्ट्स स्टेडियम में आयोजित कइल जाई। येह रैली में ओह ओम्मेदवार हिस्सा लिहे जवन अप्रैल दुई हजार चौबीस में आयोजित ऑनलाईन कामन एंन्ट्रेंस एग्जाम पास कइले हवे। येहमें से करीब पनरह हजार ओम्मेदवारन के सॉर्ट लिस्ट कइल गइल हवे। भर्ती रैली में प्रदेस क बारह जिलन आगरा, अलीगढ़, एटा, इटावा, फिरोजाबाद, हाथरस, जालौन, झांसी, कांसगंज, ललितपुर, मैनपुरी अउर मथुरा जिलन क नौजवान हिस्सा लिहें। एकरे बादे सोल्जर, टेक्निकल, नर्सिंग अस्सिटेंट अउर सिपाही फार्मा पदन खातिर आयोजित रैली में उत्तर प्रदेस अउर उत्तराखंड के सज्जों जिलन क ओम्मेदवार हिस्सा लिहें। तीन फेरा में आयोजित होखे वाली येह रैली क सज्जों तइयारी पूरा कई लिहल गइल हइनि। ओम्मेदवारन के तीस जून दुई हजार चौबीसे के एडमिट कार्ड जारी कइल जा चुकल हवे।

**********